
**DREAMS**
WORKING TOGETHER FOR AN AIDS-FREE FUTURE FOR GIRLS & WOMEN

## Episode 2



# BOMiSO

**Girls Can Know Decode and Act**

Determined | Resilient | Empowered | AIDS-Free | Mentored | Safe

PEPFAR

JSI
JSI Research & Training Institute, Inc.

Primary Health Care
A Healthy Nation
Ministry of Health & Child Welfare
Zimbabwe

Culture Fund
Changing The Lives of Ordinary Zimbabweans Since 2007

Bomiso is a beautiful adolescent girl; intelligent and sassy. A shining light among her friends and peers who live together in a fast-paced high-density suburb of a town in her native country, Zimbabwe. Bomiso episodes will account the lives of Bomiso, her adolescent big-brother brother, Munzwa, and their father's sister, Tete Pai; clear-minded and equally sassy woman in her mid-thirties. Tete Pai has her eye on the patriarchal world they all live in. She sees through its underlying values and knows that some of them affect how adolescent girls and young women, like Bomiso, relate to HIV/Aids issues.

Copyright: Culture Fund of Zimbabwe Trust | 2018

This material, published as part of Culture Fund of Zimbabwe Trust's research work on assessing knowledge, values and attitudes on Culture, women's bodily integrity, and the reproductive health and rights of adolescent girls and young women. It received support from United States President's Emergency Plan on AIDS Relief (PEPFAR) through John Snow Inc. (JSI); under the broader programme, DREAMS Innovation Challenge and Culture Fund's GIRLS CAN KNOW DECODE AND ACT.


Bomiso is inspired by Culture Fund of Zimbabwe Trust's ground breaking research on Gender, Culture and Development carried out by Ubuntu Way/ Nzira Yehunhu Trust. The content of the comic book episodes is drawn from this work and the responsibility of Ubuntu Way/ Nzira Yehunhu Trust. They do not necessarily reflect the views of Culture Fund and PEPFAR.




Tete, kuchikoro taudzwa kuti kutariswa humhandara kutyorerwa kodzero dzekuchengetedzeka kwemuviri.
Unotaura zvekutyorerwa kodzero nevamwe. Muzukuru, kurasa humhandara kuzvityorera kodzero dzako.
Patsika dzedu unofanirwa kuziva chimiro chako semhunhukadzi, saka ndichikugarisa pasi nguva nenguva.
Asi tete Paida, munozonyanya kugara muchingonditi ndichazodzorwa kumurume ndichinzi handina kurairwa.
Ndinodaro muzukuru nekuti ndinofanirwa kuona kuti wave kugona kuchengetedza nhengo dzako dzesikarudzi, nekuziva kuti bonde chii. Kusaziva ndiko kunoita kuti uzodzorwa kumurume, kureva kuti imba inenge yaparara.
Muri kunditaurira zvenyu zvekumurume, ini handitorina kana mukomana wacho tete.


Ndinotenda Bomiso.
Asika, garoziva inoita kuti ukazoita mukomana, ungwarire kusabatwa zvinoitisa mafeelings musati mawanana.
He he heede! Tete Nhai!
Uri kutoseka? Unoti ndiri kuita zvekutamba here? Ukabvuma kubatwa mazamu kana padumbu chasara kubvuma bonde muzukuru. Bonde rakadaro rinenge risina kurongwa. Rinenge risina dziviriro kuzvirwere kana kubata pamuviri.
Handiti kutaura kuno zera rako iri ungadai wakatoenda kumachembere kunodzidziswa? Ndinoda muzukuru akangwarira. Rega kunyara nyara nepasiri ipo.


Saka ndikauya kumba nezvinyorwa zvehutano hwesikarudzi munoti kudii nhai tete?
Ah...ndinototi hekani waro! Dzidza uzive. Makare maienda kurwizi kunotariswa, imi vasikana muchitarisana kuti muzive zvamuri. Sezvo iye zvino zvisisiko, zvinyorwa zvine ruzivo rwesikarudzi zvinobatsira. Ndiko kuti uzive kunotariswa hutano pazvinhu zvakaita segomarara rechibereko, yamunoti cancer, nekurapisa tumwe tuhutachiwana twakaita s ekuvaviwa nhengo.
Ah zveshuwa??


Ko ndikauya nemapiritsi ekudzivirira pamuviri?
A A A ! Zera rako iri?! Inga wamboti hauna mukomana wani. Bonde unoridii mwana mudiki akaita sewe? Kana tichiti ziva hutano hwesikarudzi hatisi kuti ita bonde. Gara waziva 'recipe' yazvimwe zvinoitika panyaya dzebonde, asi hausati wave kukodzera kubika. Munodzidziswa biology kuchikoro handiti, hazvireve kuti mave vanachiremba.


Ko condom nhai tete? Munzwa anoti vasikana vanoshandisa macondom ipfambi. Asi iye ndakaona macondom mu drawer rake.


Akamuudza kuti iye anobvumidzwa ndiani? Kunyangwe tisingazvikurudzire kunemi vechidiki, munhu wenyama anogona kukurirwa neropa rapisa. Bonde rinoitwa nevanhu vaviri. Saka newewo unofanirwa kuziva zvekuita kuzvidzivirira kubva ku HIV kana kubata pamuviri.



Ah Tete!!
Asi tanga wapedza chikoro muzukuru. Vakomana havapere. Nguva ichasvika yauchazoshandisa ruzivo rwebonde.


Ndokusaka tichikurudzira kuti usadanane nevakomana vakuru zvakanyanya kwauri.
Manje tete zvamunoti nditange ndapedza chikoro, ko ndikaita makore gumi ndapedza chikoro asi ndisati ndaroorwa, ndongoramba ndiri mhandara here?
Izvo zvinenge zvave kwauri. Kana wave kuzvishandira zvinenge zvave nani, sezvo magariro edu ashanduka zvikuru. Makare tsikombi dzadarika zera rekuwanikwa dzaisunungurwa panyaya dzebonde.


Mazuva ano hakuchina makwenzi, saka panenge potoda mapiritsi ekudzivirira pamuviri.


Mazuva ano kwave ne AIDS tete.


Kana uchizviziva chirega kuteerera vanoti usashandise condom. Haisi HIV chete ine dambudziko. Kune zvimwe zvirwere zvakawanda zvinotapuriranwa pabonde. Zvimwe zvacho zvinohwanda mumuviri wemunhukandzi kwenguva zvisati zvaoneka kuburikidza nemaumbirwo enhengo dzake. Rega kuita nyadzi dzinouraya. Kana zvakuremera unouya kwandiri ndokubatsira kuwana macondom acho. Ko ini ndichabvunzwa nani!


Shuwa here tete! Hamuzotukwa naMai here?
Ndiro basa rangu kuti uchengetedzeke paruzivo nemaitirwo ebonde. Asi pari zvino ndinokubatsira neruzivo chete. Pedza chikoro ndozokubatsira nezvimwe. Kuwanikwa kana kusawanikwa, unofanirwa kuchengetedza hutano.


Saka ndichikudai tete! Svondo rinouya kune musangano wekudzidziswa nezvezvirwere zvesikarudzi. Uye zvanzi kunenge kuine vanotarisa ropa kuti uzive chimiro chako paHIV. Ndichaenda neshamwari dzangu.
Hauchinzwa. Ndiko kuita Muzukuru akangwarira, anotsvaga ruzivo nekuchengetedza hutano!

# BOMISO

## Episode 2

# condomise

Character Development; Original Cover Illustration; Comic Strip Illustrations by Eugene Mapondera | Story and Dialogue development by Culture Fund, Ubuntu Way | Cover Design, Comic Strip Edit and Layout by Kuda Makurumure

Second Edition Print March 2018

CULTURE FUND

Changing The Lives of Ordinary Zimbabweans Since 2007

51 Harvey Brown Road, Milton, Harare, Zimbabwe; PO Box A762, Avondale, Harare, Zimbabwe, tel.: ++263 4 794211 / 794530 / 794617

DREAMS

WORKING TOGETHER FOR
AN AIDS-FREE FUTURE
FOR GIRLS & WOMEN

Determined | Resilient | Empowered | AIDS-Free | Mentored | Safe

PEPFAR

JSI Research & Training Institute, Inc.

CULTURE FUND

Changing The Lives of
Ordinary Zimbabweans
Since 2007